# Rekòmandasyon Gwoup Travay pou Lekòl Egzamen yo

Ko-Prezidan yo: Tanisha M. Sullivan ak Michael Contompasis
Sipèentandant Dr. Brenda Cassellius
**30.06.21**

# Chaj Gwoup Travay la

*Bati sou travay la ki te inisye pa Gwoup Travay sou Kritè pou Lekòl Egzamen pou Sipèentandant lan, Gwoup Travay sou Admisyon nan Lekòl Egzamen Komite Lekòl Boston an gen chaj pou li devlope yon seri de rekòndasyon pou politik la sou admisyon pou lekòl egzamen Lekòl Piblik Boston yo. Rezilta dezire a se pou nou elaji poul kandida a epi kreye yon pwosesis admisyon ki pral soutny anwòlman elèv nan chak lekòl egzamen konsa nou konsève rijidite epi kò elèv la pi byen reflete divèste rasyal, sosyo-ekonomik, ak jeyografik tout elèv yo (K-12) nan Vil Boston an. Gwoup Travay la pral konsidere itilizasyon nouvo evalyasyon NWEA a ak lòt faktè, epi pwofite de aprantisaj nan yon revizyon konplè de aplikasyon kritè pou admisyon AS 21-22 yo, osi byen ke yon bon jan revizyon de pratik nan lòt distri.*

# Kisa n ap akonpli aswè a:

**Kisa n ap eseye akonpli?**

Devlope yon rekòmandasyon pou pwosesis admisyon nan lekòl egzamen an ki:

- Konsève rijidite
- Ògmante divèsite jeyografik, sosyo-ekonomik, ak rasyal

**Kijan nou pral fè sa a? Kisa gwoup travay la ap konsidere?**

1. Elijibilite
2. Envitasyon

**Kisa n ap diskite aswè a?**

Rekòmandasyon fòmèl la nan gwoup travay la ki sipòte pa Sipèentandant lan sou kritè ak pwosesis admisyon an pou twa lekòl egzamen yo nan Boston.

# Manm Gwoup Travay yo

- Ko-Prezidan, **Michael Contompasis**, ansyen Direktè Boston Latin School ak ansyen Sipèentandan BPS
- Ko-Prezidant, **Tanisha M. Sullivan**, Esq., Prezidant, NAACP Sikisal Boston ak ansyen Ofisye Prensipal BPS sou Ekite
- **Pastè Samuel Acevedo**, Ko-Prezidan, Gwoup Travay sou Twou Opòtinite ak Reyisit
- **Acacia Aguirre**, paran, John D. O'Bryant School of Matematik ak Syans
- **Samuel Chernow**, elèv, Boston Latin Academy
- **Matt Cregor**, Esq., Komite Konseye Legal sou Sante Mantal, Kou Jidisye Siprèm
- **Dr. Tanya Freeman-Wisdom**, Direktris, John D. O'Bryant School of Matematik ak Syans
- **Katherine Grassa**, Direktris, Curley K-8 School
- **Zena Lum**, paran, Boston Latin Academy
- **Zoe Nagasawa**, elèv, Boston Latin School
- **Rachel Skerritt**, Direktris, Boston Latin School
- **Dr. Rosann Tung**, Rechèchè Endepandan
- **Tamara Waite**, paran, Philbrick Elementary School

# Angajman Piblik Gwoup Travay la

- **Reyinyon Piblik:** 24 reyinyon fèt ak *4 seyans ekout piblik*, ki enkli yon seyans ki te dirije ak elèv ant fevriye ak jen 2021

- **Kòmantè Piblik ak Patisipan yo:** Tout reyinyon yo te genyen yon seksyon pou kòmantè piblik epi te ranje de 40 a 126 patisipan, ak yon mwayen de 62 patisipan nan chak reyinyon

- **Tab Won sou Ekite:** Prezante nan Tab Won Kominotè sou Ekite a 11 jen

- **Aksesibilite :**
    - Tout reyinyon yo te òganize sou zoom epi te gen entèpretasyon similtante nan 9 lang pale: Panyòl, Kap-Vètyen, Kreyòl Ayisyen, Pòtigè, Arab, Somalyen, Vyetnamyen, Mandaren, ak Kantonè ak Lang Siy Ameriken.
    - Tout materyèl yo tradwi epi poste sou sit entènet la.

- **Prezantasyon Ekspè:** Angaje ak 6 ekspè nan reyinyon piblik nou yo pou konprann pi bon pratik yo, kijan lòt vil te fè admisyon ak faktè ki enpòtan pou konsiderasyon (gade apendis la pou detay)

# Pwosesis Admisyon nan Lekòl Egzamen yo

**Etap 1:** Kiyès Ki Elijib
***Objektif***: *Detèmine Nivo Preparasyon Elèv yo*

| Sik Admisyon | Kritè | Pwa |
|---|---|---|
| AS20-21 | Evalyasyon<br>Mak | 50%<br>50% |
| AS21-22 | Mak | 100% |

**Etap 2:** Kiyès Ki Envite
***Objektif***: *Asire Aksè pou Tout Vil la*

| Sik Admisyon | Kritè | Pwa |
|---|---|---|
| AS20-21 | Rang Dwat | 100% |
| AS21-22 | Rang Dwat nan Tout Vil la<br>Rang Dwat nan Kòd Postal | 20%<br>80% |

# Done sou Admisyon nan Pase a

Dyapozitif sa a montre yon konparezon envitasyon ki te distribye pandan sik admisyon AS20-21 ak AS21-22 yo, selon gwoup elèv.

| Ras | AS20-21 | AS21-22 |
|---|---|---|
| Azyatik | 21% | 18% |
| Nwa | 13% | 23% |
| Panyòl | 21% | 23% |
| Milti-Rasyal/Lòt | 5% | 6% |
| Blan | 40% | 31% |

| Gwoup Elèv | AS20-21 | AS21-22 |
|---|---|---|
| Dezavantaje Ekonomikman | 35% | 43% |
| Etajè Lang Anglè | 0% | 7% |
| Elèv Sanzabri ak Elèv nan Gad DCF | 1% | 5% |
| Elèv ki gen Andikap | 2% | 4% |

| Kòd Postal | Katye | AS20-21 | AS21-22 |
|---|---|---|---|
| 2108 | Beacon Hill | 0.1% | 0.6% |
| 2109 | Downtown | 0.7% | 0.2% |
| 2110 | Downtown | 0.7% | 0.1% |
| 2111 | Chinatown | 2.3% | 0.7% |
| 2113 | North End | 0.7% | 0.2% |
| 2114 | Beacon Hill / West End | 1.9% | 0.7% |
| 2115 | Longwood/Fenway | 1.4% | 1.0% |
| 2116 | Back Bay | 2.6% | 1.3% |
| 2118 | South End | 3.51 | 2.8% |
| 2119 | Roxbury | 2.6% | 5.1% |
| 2120 | Roxbury | 1.6% | 1.1% |
| 2121 | Dorchester | 2.6% | 6.9% |
| 2122 | Dorchester | 6.1% | 4.9% |
| 2124 | Dorchester | 8.2% | 11.1% |
| 2125 | Dorchester | 4.6% | 6.1% |
| 2126 | Mattapan | 2.0% | 5.2% |
| 2127 | South Boston | 3.3% | 3.6% |
| 2128 | East Boston | 5.6% | 7.7% |
| 2129 | Charlestown | 5.5% | 3.6% |
| 2130 | Jamaica Plain | 7.5% | 5.5% |
| 2131 | Roslindale | 9.2% | 6.9% |
| 2132 | West Roxbury | 13.0% | 7.1% |
| 2134 | Allston | 1.7% | 1.1% |
| 2135 | Brighton | 5.1% | 3.0% |
| 2136 | Hyde Park | 6.5% | 6.9% |
| 2163 | Allston | 0.0% | 0.1% |
| 2199 | Back Bay | 0.0% | 0.0% |
| 2210 | South Boston Waterfront | 0.2% | 0.2% |
| 2215 | Fenway/Kenmore | 0.8% | 0.2% |
| 2467 | Chestnut Hill | 0.3% | 0.4% |
| 9999 | Sanzabri/DCF | Not used | 5.4% |

# Adrese Fidbak nan Men Aksyonnè yo

| Domèn ki te Revize | Solisyon ki te Enkòpore |
|---|---|
| Disparite ekonomik andedan kòd postal yo<br><br>Alokasyon syèj an pwopòsyon ak kantite elèv nan laj lekòl k ap viv nan kòd postal la | Nivo Estati Sosyo-ekonomik mete trak resansman nan gwoup ansanm selon faktè sosyo-ekonomik parey<br><br>Chak nivo pral genyen relatifman menm kantite syèj |
| Tès anje elve | Plizyè opòtinite pou elèv yo konpoze<br><br>Tès ki aliyen ak Kad Kourikoulòm MA |

# Rekòmandasyon Gwoup Travay la: Elijibilite

**Etap 1:** Kiyès Ki Elijib
***Objektif***: *Detèmine Nivo Preparasyon Elèv yo*

| Sik Admisyon | Kritè | Pwa |
|---|---|---|
| AS22-23 | Mak<br>(Mwayen B oswa pi wo)<br>+Endikatè Wo Povrete | 100% |
| AS23-24<br>Ak pi devan | Evalyasyon<br>Mak<br>+Endikatè Wo Povrete | 30%<br>70% |

***Endikatè wo povrete***

- Elèv k ap asiste lekòl ak 50% nan elèv yo oswa plis ki idantifye kòm dezavantaje ekonomikman ta resevwa yon lòt 10 pwen an plis nan pwosesis envitasyon an.
- Elèv ki sanzabri, elèv ki nan gad DCF ak elèv l ap viv nan lojman BHA ta resevwa yon lòt 15 pwen an plis nan pwosesis envitasyon an.

# Rekòmandasyon Gwoup Travay la: Detay sou Elijibilite

**Etap 1:** Kiyès Ki Elijib

***Evalyasyon:***

| Evalyasyon Ofri | Evalyasyon Ofri |
|---|---|
| AS22-23 | • Okèn evalyasyon obligatwa ane sa a poutèt pandemi COVID-19 kontinye a |
| AS23-24 ak pi devan | • Evalyasyon<br>○ Nou ta ofri evalyasyon an de fwa: Prentan 5yèm ane ak Otòn 6yèm ane<br>○ Nou ta konsidere pi bon mak elèv la fè |

***Mak:***

| Sik Admisyon | Mak ki ladan li |
|---|---|
| AS22-23 | • Premye de trimès 6yèm ane: ELA, Matematik, Syans ak Etid Sosyal poutèt pandemi COVID-19 kontinye a |
| AS23-24 ak pi devan | • Premye trimès 5yèm ane: ELA ak Matematik<br>• Premye de trimès 6yèm ane: ELA, Matematik, Syans ak Etid Sosyal |

# Rekòmandasyon Gwoup Travay la: Envitasyon yo

**Etap 2:** Kiyès Ki Envite
***Objektif***: *Asire Aksè pou Tout Vil la*

<table>
<tr><th>Sik Admisyon</th><th>Mekanis</th></tr>
<tr><td rowspan="2">AS22-23<br>Ak pi devan</td><td>20% Rang Dwat Nan Tout Vil la<br>• 20% nan envitasyon yo nan chak lekòl egzamen ap rezève pou kandida nan rang pi wo nan tout vil la. Nou pral ofri envitasyon yo pou kandida nan rang pi wo yo seleksyon premye chwa yo.</td></tr>
<tr><td>80% Rang Dwat Nivo Estati Sosyo-Ekonomik<br>• Rès 80% nan syèj yo ap distribye pou kandida nan rang pi wo andedan Nivo Estati Sosyo-Ekonomik yo. Envitasyon yo distribye nan 10 won ak 10% nan syèj yo pou chak SES aloke nan chak won.<br>• Nou pral kreye yon nivo espesyalize pou elèv ki sanzabri, elèv ki nan gad DCF ak elèv k ap viv nan lojman Boston Housing Authority.<br>• Chak won pral kòmanse ak nivo espesyalize a, apre sa nivo ki genyen bann sosyo-ekonomik ki pi ba w.</td></tr>
</table>

# Rekòmandasyon Gwoup Travay la: Nivo Estati Sosyo-Ekonomik

- Nivo estati sosyo-ekonomik (SES) yo baze sou yon mak sosyo-ekonomik pou chak trak resansman nan vil la. Mak sosyo-ekonomik la se yon mezi konpoze de 5 pwen done nan American Community Survey a epi li endike bezwen relatif a lòt trak resansman yo nan vil la. Nivo yo an gwosè pwopòsyonèl selon kantite timoun nan laj lekòl nan ane 5 a 8 k ap viv nan chak trak resansman.

- Pami faktè yo ki enkòpore nivo SES yo se:
  - Pousantaj moun pi ba nivo povrete a
  - Pousan kò kay kote pwopriyetè a pa viv ladan yo
  - Pousan fanmi ki dirije ak yon sèl paran
  - Pousan kò kay kote anglè se pa lang prensipal yo pale
  - Akonplisman edikatif

- Nou pral kreye yon nivo espesyalize pou elèv ki sanzabri, elèv ki nan gad DCF ak elèv k ap viv nan lojman Boston Housing Authority.

# Lòt Rekòmandasyon

| | |
|---|---|
| **Soutyen pou Elèv yo** | ● Bay soutyen apwopriye – ni avan ni pandan ane skolè a - for pou elèv nou admèt ki, pandan yo prepare akademikman pou kontni nan lekòl egzamen yo, ka bezwen plis tan pou yo abitye ak vitès etid nan lekòl egzamen yo.<br>● Elaji Inisyativ Lekòl Egzamen an (ESI), kòmanse osi bonè ak 4yèm ane epi kontinye jouk mwa oktòb nan 6yèm ane, konsantre sou akselerasyon akademik nan touledе ELA kou matematik. |
| **Rapò Anyèl** | ● Fè siveyans kandida, elèv ki envite ak elèv ki anwole nan lekòl egzamen yo chak ane, dezagrege selon gwoup elèv ak lekòl.<br>● Nou dwe fè yon rapò anyèl devan Komite Lekòl la pou evalye bynnèt kominote skolè a ak done yo sou admisyon elèv. |
| **Revizyon ak Evalyasyon Politik** | ● Egzije yon revizyon politik konplè omwens chak 5 lane, pou asire genyen vwa elèv ak pwofesè ki reprezante nan pwosesis revizyon an.<br>● Travay ak yon rechèchè an deyò pou evalye epi konprann enpak chanjman sou politik pou miltip kowòt elèv, kòmanse ak sik admisyon AS20-21 an. |
| **Envestisman** | ● Distri skolè a pral finanse yon oryantasyon akademik estival, entèvansyon akademik, akselerasyon ak rijidite pou ane primè yo.<br>● Sekirite lòt fon ki nesesè pou aplikasyon nan men vil la, pa nan bidjè ki deja egziste a. |
| **Kominikasyon** | ● Bay enfòmasyon sou pwosesis demann nan an liy, enprime ak nan sant kominotè yo nan lang natif natal |
| **Notasyon** | ● Rekòmande chanje sistèm notasyon an pou 5yèm ane sòti base sou estanda ale sou yon echèl notasyon A-F. |

# Rezime Rekòmandasyon Final la

**Etap 1:** Kiyès Ki Elijib
***Objektif***: *Detèmine Nivo Preparasyon Elèv yo*

| Sik Admisyon | Kritè | Pwa |
|---|---|---|
| AS22-23 | Mak<br>(Mwayen B oswa pi wo)<br>+Endikatè Wo Povrete | 100% |
| AS23-24<br>Ak pi devan | Evalyasyon<br>Mak<br>+Endikatè Wo Povrete | 30%<br>70%<br>(10 **oswa** 15 pwen) |

**Etap 2:** Kiyès Ki Envite
***Objektif***: *Asire Aksè pou Tout Vil la*

| Sik Admisyon | Mekanis | Pwa |
|---|---|---|
| AS22-23<br>Ak pi devan | Rang Dwat Nan Tout Vil la<br>Rang Dwat Nivo Sosyo-ekonomik | 20%<br>80% |

Endikatè wo povrete :

- 15 Pwen pou elèv k ap viv nan lojman BHA, ki sanzabri ak nan gad DCF.
  OSWA
- 10 pwen pou elèv k ap asiste yon lekòl ki genyen anwòlman li ki reflete 50% ki elèv fèb revni oswa plis

# Apendis

# Detay sou ekspè ekstènèl ak prezantasyon yo

- **Prezantasyon Ekstènèl ki ladan li**
  - Prezantasyon modèl admisyon ki deja egziste nan lòt distri - Dr. Sean P. Corcoran, Pwofesè Asosye Politik Piblik ak Edikasyon nan Peabody College, Vanderbilt University
  - Prezantasyon: Modèl Chicago a pou Anwòlman Selektif nan Lekòl Segondè- Richard D. Kahlenberg, The Century Foundation
  - Prezantasyon: Bridging Collectives: Yon Somè sou Selektivite, Entegrasyon, ak Ekite nan Lekòl Segondè Piblik Elit Michelle P. Burris, The Century Foundation.
  - Apèsi pwosesis Lekòl Selektif Distri Kominote Lekòl Piblik Detroit - Kisha Verdusco, Direktris Senyò, Admisyon Selektif
  - Prezantasyon: Itilizasyon Egzamen nan Admisyon Lekòl Selektif, Dr. Lorrie A. Shepard, University of Colorado Boulder
  - Apèsi Evalyasyon Kwasans MAP la, Chris Minnich, CEO, NWEA

# Nivo Sosyo-ekonomik yo

- Modle apre yon sistèm nivo yo itilize nan Lekòl Piblik Chicago ak Distri Skolè Endepandan San Antonio, nivo te kreye pou vil Boston an pou chak trak resansman, sèvi ak done nan American Community Survey (ACS) a.
- Nivo yo baze sou yon mak sosyo-ekonomik pou chak trak resansman. Mak sosyo-ekonomik la se yon mezi konpoze de 5 pwen done nan ACS la epi li endike bezwen relatif ak lòt trak resansman yo nan vil la. Nivo yo an gwosè pwopòsyonèl selon kantite timoun nan laj lekòl nan ane 5 a 8 k ap viv nan chak trak resansman.
- Pami faktè yo ki nan mak sosyo-ekonomik la pou chak trak se:
    - Pousantaj moun pi ba nivo povrete a
    - Pousan kò kay kote pwopriyetè a pa viv ladan yo
    - Pousan fanmi ki dirije ak yon sèl paran
    - Pousan kò kay kote anglè se pa lang prensipal yo pale
    - Akonplisman edikatif (konpoze de 5 pwen done: Pa fè diplòm nan lekòl segondè; Fè diplòm nan lekòl segondè; Fini kèk kou nan inivèsite; Degre nan inivèsite; Degre avanse)

